

**Ou Bezwen Èd pou
Peye pou PrEP?**

Pwofilaksi anvan yon moun ekspoze se yon grenn moun pran chak jou pou yo kapab redui enkyetid yo pou yo pran VIH.

Ou ka vle konsidere PrEP si ou:

- Yon gason makòmè oswa yon gason biseksyèl ki fè sèks anal san pwoteksyon
- Yon fanm transjan ki fè sèks avèk gason
- Nan yon relasyon avèk yon patnè ki gen VIH
- Yon moun ki fè sèks san kapòt avèk anpil patnè.

Pwogram PrEP an sis (6) pwen pou moun ki gen rezilta tèst VIH yo negatif gen ladan sa ki endike anba la a:

- Tès VIH woutin
- Ou pran yon grenn Truvada, yon fwa pa jou, epi chak jou
- Ou sèvi ak kapòt pou pa pran STD
- Ou fè tèst pou STD chak peryòd
- Edikasyon sou fason pou redui risk pou pran VIH ak STD
- Konsèy ak sipò pou pran medikaman yo regilyèman

Pwogram **Èd pou Pwofilaksi anvan Moun Ekspoze (Pre-exposure Prophylaxis Assistance Program, PrEP-AP)** New York State Department of Health ap peye pou randevou medikal yo ak sèvis laboratwa yo pou PrEP si ou pa gen asirans oswa si ou pa gen ase asirans. Men, ou dwe resevwa sèvis yo nan klinik yon pwofesyonèl swen sante PrEP-AP ki enskri.

Pwogram PrEP-AP pa peye frè medikaman. Pwofesyonèl Swen Sante ki Enskri nan PrEP-AP gen obligasyon pou ede pasyan yo aplike nan pwogram èd fabrikasyon medikaman bay pou pasan pou peye frè medikaman yo.

PrEP-AP ap garanti sèvis ki endike anba la yo tankou, men pa sèlman:

- Tès VIH
- Konsèy pou aksepte plan tretman ou ak kontwòl klinik
- Tès STD
- Sèvis swen pou jwenn sipò ki annamoni avèk Gid Klinik VIH New York State

Sonje, pwofesyonèl swen sante a dwe enskri nan PrEP-AP pou sèvis yo kapab garanti.

Kijan pou mwen enskri nan PrEP-AP?

- Si ou pa gen asirans oswa si ou pa gen ase asirans, ou kapab aplike pou PrEP-AP avèk menm fòm enskripsyon yo ak Pwogram pou Swen Sante pou Moun ki Gen VIH men ki pa Gen Asirans (HIV Uninsured Care Programs)/ADAP. Ou kapab jwenn fòm yo sou sitwèb www.health.ny.gov/diseases/aids/resources/adap/index.htm.
- Pwofesyonèl swen sante ki enskri yo kapab remèt reklamasyon yo pou tout sèvis ki garanti yo nan pwogram PrEP-AP.
- Yon liy dirèk PrEP-AP disponib pou ede ou avèk metòd enskripsyon an ak èd pou gen aksè nan pwoteksyon swen sante konplè. Rele nimewo 1-800-542-2437.

Resous

PrEP New York State Department of Health:

www.health.ny.gov/diseases/aids/general/prep/

Anyè Pwofesyonèl Swen Sante PrEP NYS:

www.health.ny.gov/diseases/aids/general/prep/provider_directory.htm

HIV Prevention Just Got Easier: www.prepforsex.org

Liy Dirèk New York State pou Moun ki Gen VIH:

1-800-541-AIDS oswa 1-800-233-7432 (Panyòl)

PrEP Depatman Sante ak Sante Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene): www.nyc.gov/html/doh/html/living/prep-pep.shtml

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention)
www.cdc.gov/hiv/prevention/research/prep/



9005 (Haitian Creole)

Department
of Health

9/15